


Amelyore Pwodiksyon Poul An Ayiti

Pwodiksyon Se Jerans


Ti liv sa-a pral montre kisa ou bezwen fè, pou fè poul yo pwodwi plis. Tout bagay se jerans. Pi fò nan Ayisyen yo lage poul yo konsa konsa. Yo pa fè okenn jerans pou ede poul yo pwodwi plis. Yo pa konnen kisa pou yo fè. Jerans mande **konesans** ak **aksyon** ak **disiplin**. Liv sa pral bay ou konesans ou bezwen pou byen jere poul pou yo pwodwi anpil ze e pitit. Moun ki aprann tout sa ki andedan-lv sa, e ki mete tout konsèy yo an aplikasyon avèk anpil swen, san fatig, san rete nan wout, se li ki pral gen siksè. Se li ki pral fè anpil lajan ak poul yo.

Jan Bondye Fè Poul Yo



Avan nou diskite ki jan pou amelyore pwodiksyon poul, li ta bon pou nou konprann fizioloji poul yo. Nou pral etidye sistèm dijestyon, aparèy pipi, ak repwodiksyon avan nou antre nan jesyon poul pou amelyore pwodiksyon.

Aparèy Dijesyon




Poul yo paka viv sou zèb sèlman tankou kabrit ak bèf yo. Poul bezwen manje menm bagay moun konn manje: mayi, diri, fwi, pwa, e lòt bagay konsa. Se poutèt sa-a pou pwodwi plis poul, li koute plis lajan pase lòt bèt paske nou bezwen depanse pou achte manje pou yo.

Sistèm dijesyon poul konpoze de plizyè pati. Li kòmanse ak **bèk** poul la. Poul yo pa gen dan men bèk la ede-l koupe yon mang ou bannann an ti moso, ti moso. Apre bèk la, manje pase nan yon pòch yo rele **jabòt** la. Poul yo pa gen yon vant tankou lòt bèt men jabòt la bay yo yon kote pou sanble manje yo avan yo pase nan rès sistèm dijesyon an. Apre jabòt la, manje pase nan **vant** la ki bay yon asid pou kòmanse dekonpoze manje yo. Apre vant la, manje yo pase nan **zizye** a. Zizye a gen anpil fòs pou kraze manje yo. Lè poul yo vale kèk ti wòch yo rete anndan zizye a pou ede-l mache manje yo. Konsa zizye a ak wòch yo jwe wòl dan pou poul yo. Lè manje yo fin kraze, yo pase nan **dyodenòm**, **ti entesten**, e **gwo entesten**. Se nan pati sa yo, poul yo absòbe sa ki bon pou yo nan manje a. Ant ti entesten e gwo entesten gen 2 lòt pòch yo rele **seka** yo. Manje ki antre anndan seka yo dekonpoze plis paske gen anpil mikwòb ki konn rete anndan seka yo. Yo atake manje yo e dekonpoze yo plis. Konsa lè yo soti, gwo entesten kapab absòbe yo plis. Lè manje yo fin pase sou tout sistèm dijesyon an, li tounen pou pou. Lè pou pou yo sòti nan poul la, yo pase sou **kloak** la. Ni pou pou, ni pipi, ni ze yo sòti nan kloak poul la.

Aparèy Pipi

Poul yo gen de ren menm jan ak lòt bèt yo, men ren sa yo pa pwodwi yon pipi an likid. Pipi poul se yon krèm blan. Li konsantre anpil. Dlo se yon bagay ki lou. Tout zwazo bezwen lejè pou yo ka vole pi fasil. Se poutèt sa-a Bondye fè poul pa sèvi avèk dlo pou yo ka pipi. Lè yon poul pou pou, gen yon pati nwa e gen yon ti pati blan. Pati blan sa-a se pipi poul la. Pou pou pou bon fimye paske pipi ki mele anndan-l konsantre anpil.



Aparèy Repwodiksyon

Repwodiksyon Lakay Kòk Yo

N'ap kòmanse avèk kòk yo paske si ou gen 12 poul ak yon kòk, kòk la reprezante mwaye tout pwodiksyon ti poul ou pral genyen. Pou ki? Se kòk la ki pral papa tout ti poul yo. Si kòk la se yon ti kòk fèb, tout piti, ti poul pa-l yo pral piti e fèb menm jan. Se poutèt sa-a premye aspè nan jerans yon pwodiksyon poul se nan seleksyon kòk la ki pral kouvri poul yo. Chèche yon gwo, bèl kòk pou mache ak poul yo e retire tout lòt yo. Yon kòk ka sèvi 10 a 15 poul. Si ou gen plis ke 15 poul, yo twòp pou yon sèl kòk, chèche yon lòt kòk kalite. Yo pral separe poul yo ant yo de.


Kòk yo gen 2 grenn ou paka wè anndan kò yo. Grenn yo pwodwi spèm. Spèm se jèm mal la. Pou fè yon ti poul, fòk jèm mal la kole avèk jèm femèl la pou fè yon sèl. Si pa gen kòk, poul yo paka fè ze ki kapab kale. Kòk yo pa gen yon pijon tankou lòt bèt. Nan dèyè yon kòk gen yon sèl twou yo rele kloak. Se nan kloak la spèm nan soti lè li kwaze avèk yon poul. Lè yon kòk kouvri yon poul li dwe monte sou poul la e fè kloak pa'l kouvri kloak poul la. Lè li fè sa, li voye yon likid blan sou fòm yon flit sou kloak poul la. Spèm yo naje anndan likid la. Yo antre anndan kò poul la pou kwaze avèk ze li genyen yo.

Repwodiksyon Lakay Poul

Tout ze kòmanse avèk yon jèm. Tout jèm yo sitire anndan ovè a. Lè yon ti poul fèt, li pòte 3600 jèm anndan ovè pa-l. Sa vle di, yon poul gen posibilite fè 3600 ti poul nan lavi li. Ovè a prepare jèm yo, yonn apre lòt, pou fè ze yo. Pou prepare yon jèm, ovè a vlope jèm nan avèk jonn nan. Jonn yo konpoze de 50% dlo, 33% lwil, e 15% pwoteyin. Kò ti poul yo fòme avèk sa ki nan jonn nan. Lè yon jèm gen kont jonn sou li, li matirite e li sòti nan ovè a pou antre anndan ovidik la.

Ovidik se yon tiyo kote jonn yo pase pou tounen ze. Nan premye pati ovidik la gen kèk pòch kote spèm yo rete. Si yon kòk te kouvri poul la, spèm kòk la te mache tout longè ovidik la pou rive nan pòch yo. Konsa lè jèm la pase, spèm yo kwaze avèk jèm nan pou fè yon ti poul. Si poul la pat jwenn kòk pou kwaze avè l, poul la ta ponn ze a kan menm men ze a pa tap kale. Ponn ze lakay yon poul se menm jan avèk règ lakay fanm yo. Poul pa bezwen kòk pou yo ponn. Sa yo bezwen se manje ki gen tout sa yo mande pou fè ze yo: dlo, enèji, e pwoteyin. Poul bezwen yon kòk pou fè ze ki ka kale.

Spèm yo kapab rete vivan anndan yon poul panndan 30 jou. Konsa, menm si yon kòk kouvri poul la yon sèl fwa nan yon mwa, tout ze yo ta pral bon



pou kale. Si plizyè kòk kwaze avèk poul la, tout spèm yo mele ansanm anndan poul la. Konsa, ou pa ka konnen kilès kòk ki te bay ze yo. Li mande 30 minit pou spèm yo pran plas yo anndan poul la. Alò, si ou mete yon kòk avèk yon poul pou la premye fwa, ou met konnen ke an 2 a 3 jou, ze yo pral bon pou kale. Si ou te gen plizyè kòk ki tap kouvri poul yo e ou vle retire yo pou yon sèl rete, ze poul yo ponn pandan 30 jou ki swiv te ka toujou pòte pitit a lòt kòk yo.

Pandan jonn nan ap pase anndan ovidik la, li vlope avèk yon kouch **likid blan**. Likid sa-a konpoze de 88% dlo e 16% pwoteyin. Dlo ak pwoteyin sa-a nesèsè pou fòmè ti poul la. Likid blan an gen anpil bagay anndan-l ki anpeche mikwòb atake ze yo. Si non, preske tout ze ta pouri avan yo gentan kale.

Se nan dènnye pati ovidik la kal ze a fòmè. Li mande 21 èd tan pou fòmè kale la nèt. Kal la konpoze de kalsyòm menm jan zo yo ye. Pou fè anpil ze, poul bezwen anpil kalsyòm nan manje. Si li manke jwenn kalsyòm, ze yo pral kase fasil. Lè ze a finn fòmè, poul la pous l sòti nan kloak la.

Antou, li mande 26 èd tan pou yon ze fòmè sòti ovè-a pou rive andeyò ak tout kal la. Konsa li mande 2 jou pou fè yon ze. Poul yo paka ponn yon ze chak jou. Ras poul pondèz nan gran peyi yo konn ponn 144 ze nan yon ane. Si poul ou yo ponn yon ze chak 2 a 3 jou, lap fè bon travay.

Sa Ki Konn Fè Poul Yo Pa Ponn

Gen anpil bagay ki ka fè poul yo kanpe ponn. Yon bon jeran poul bezwen bay poul yo tout kondisyon pou ankouraje yo pwodwi.


Premye bagay se **manje**. Si poul yo pa jwenn manje ki gen kont enèji ak pwoteyin yo paka fè ze. Menm jan tou, si yo pa jwenn dlo fasil, ki kote yo pral jwenn dlo pou plen ze yo? Poul ki lib yo, ki mache toupatou nan lakou, konn manke jwenn enèji nan manje pa yo. Si ou bay yon gode mayi pa jou pou chak 10 poul ou genyen, yo pral pwodwi plis ze.

Yon lòt bagay se **sante** poul yo. Gen vè ki konn plen entesten poul yo. Vè sa yo souse san poul yo epi yo anpeche yo benefisye sa ki nan manje. Si poul yo gen enfeksyon, rim, ou tous, yo pap pwodwi anpil ze. Konsa yon bon jeran pral bay poul li yo remèd pou touye vè yo chak mwa epi li pral bay yo antibiotik chak fwa yo malad. Gen kèk maladi ki tèlman violan yo mande pou vaksinen poul yo ak vaksen. Nikasel se yonn nan maladi ki mande pou poul yo vaksinen chak 4 a 6 mwa.

Finalman **sezon** an ka fè poul yo kanpe ponn. Poul yo ponn plis ant mwa Janvye e Me pase rès ane a. Si tanperati twò wo, poul yo pral kanpe ponn paske yap soufri. Poul yo konn ponn mwens ant mwa Jwen e Novanm paske ant dat sa yo, longè jounen yo ap redwi e longè lannwit yo ap ogmante. Poul yo ponn plis lè longè lannwit yo ap redwi. Se poutèt sa-a nan gran peyi yo, yo mete limyè anndan poulaye yo pou kenbe yo sou impresyon lannwit yo ap kout tout ane a. An Ayiti nou paka fè sa, men nou ka chèche yon bon ras poul Kreyòl ki ponn tout ane a, kit lannwit yo ap ogmante, kit yap redwi.


Ze ki Kapab kale Yo

Yon ze pap kale si yon poul pa kouve l. Lè spèm nan kwaze avèk jèm nan, yon ti poul kòmnanse devlope anndan ze a. Men lè poul la finn ponn ze a, li vinn fwèt e devlopman pitit la kanpe. Ze a kapab rete konsa pou 30 jou san ke li pa mouri. Se nòmal pou yon poul kouve 12 ze. Si li ponn yon ze chak 2 a 3 jou, sa vle di gen 24 a 36 jou ki pase depi premye ze a te ponn.



Si gen plizyè poul kap ponn anndan menm nich gen posibilite ke ze yo pral chofo chak fwa yon poul ponn de fason ke yo rekòmanse devlope. Sa kapab touye ze yo. Se poutèt sa-a, si nou gen anpil poul kap sèvi ak menm nich, nou bezwen tcheke nich la 2 a 3 fwa pa jou pou retire ze yo pou yo kapab vinn fwèt. Ti poul yo devlope an 21 jou. Men evolisyon ti poul yo anndan ze yo.

Devlopman Ti Poul Anndan Ze Yo Chak Jou



Seleksyonnen Ze ki Pou Kouve

Chak jou retire ze ki te ponn nan nich la e mete yo yon kote ki fre e imid tankou atè a. Gade ze yo ki pa twò gwo e ki pa twò piti. Manje ou vann ze ki piti, ki mal fòm, ki fann ou ki twò sal. Si gen pou pou sou kal ze a, lave-l ak dlo. Si pa gen poul ki mande kouve, vann ou manje ze yo ki te la plis ke 15 jou.



Jerans Pou Kale Plis Pitit

Jan Pou Ede Yon Poul Kouve


Se pa tout poul ki bon manman, ki bon kouvèz. Pi fò poul Kreyòl yo bon kouvèz men ras etranje yo preske pa kouve menm. Yon ze mande 21 jou pou kale. Gen poul ki kòmanse kouve men apre yon senmenn yo kite ze yo. Li enpòtan pou konnen ras ni kòk la ni poul yo. Si kòk la sòti Sendonmeng, Etazini, oubyen Kanada, li kapab yon ras ki pa kouve. Tout pitit pral move kouvèz. Pou fè anpil ti poul, ou bezwen chèche yon ras poul ki bon kouvèz ni kote poul yo, ni kote kòk la.

Yon bon poul mande kouve lè li finn ponn 12 a 15 ze. Ki jan ou ka konnen lè yon poul mande kouve? Li:

- Kòmanse rete sou nich la lè li finn ponn
- Pa leve kouri lè moun apwoche bò kòte nich la.
- Li gwonde e leve plim yo lè moun apwoche kote-l.



3 Model bwat nich
fe ak planch



- Li rete sou nich lannwit lè lòt poul yo monte pyebwa.



Yon nich ki pa pwoteje sòf li anndan yon kay.



Yon nich pwoteje kont lapli, van, chen, mangous, e inodasyon.

Si yon poul mande kouve sou 3 jou, mete-l apa sou yon nich pou kouve. Nich la bezwen:

- Omwen yon lajè de 12 pous, longè de 14 pous e otè de 12 pous
- Yon bon kouch pay sèch ki pwòp
- Byen pwoteje kont moun, chen, rat, fwomi, e lòt lènmi
- Sere yon kote ki pa gen twòp limyè
- Fèmen pou poul la ka anndan-l pou yon jou pou li abitye ak nich la.
- Manje ak dlo tou pre

Lè ou mete poul la sou nich la:

- Mete poul la anndan nich la lè li fè nwit.
- Simen yon ti vale ensektisid an poud sou poul la e nich la pou touye pou yo. Mele poud la byen anndan plim yo.
- Fèmen pou la anndan nich la avèk **yon sèl ze** pou tcheke si li finn bon pou kouve.
- Bay li 10 a 12 ze, kantite li kapab kouvri avèk kò-l si li te byen chita nwit la.

Pandan 21 jou ke poul la ap kouve:

- Poul la pral leve chak maten pou souke kò-l, pou pou, manje, e bwè.
- Li pral vire ze plizyè fwa chak jou pou jonn ki anndan ze a pa kole yon bò anndan kal la.
- Chak jou ou bezwen pwote nich la. Retire ze kraze yo, netwaye ze yo ki sal ak pou pou, chanje pay si li sal ak pou pou.

Swen ze yo lè poul la ap kouve

Pa gen fason pou konnen si yon ze fètil (kapab kale) ou non sòf nan kouve-l. Lè yon ze te kouve 10 jou, ou kapab wè ti poul la kap devlope anndan-l avèk yon limyè. Fè yon twou nan yon katon. Lè li fè nwa, fè yon limyè pase sou ze a. Si li gen yon ti poul kap devlope anndan-l ou pral wè kèk venn e yon ti tach nwa kap flote anndan ze a. Retire tout ze ki fò, ki pa gen pitit anndan yo. Si ze a parèt tout nwa, li pouri, jete l.



Jan yo tcheke ze pou wè si gen jèm anndan li.

Li bon pou mete 2 a 3 poul kouve menm jou. Konsa lè yo kale ou kapab mete tout ti poul anba yon sèl manman. Lèt poul yo pral retounen ponn nan 2 a 3 semenn. Lèt avantaj tou, si yonn nan poul yo leve kite ze yo, ou ka mete yo anba yon lòt poul kap toujou kouve.

Li bon pou make date sou chak ze lè ou mete yo anba yon poul. Poul yo konn kontinye ponn menm lè yo kòmanse kouve. Si ou jwenn yon lòt ze anndan nich la ki pa gen dat sou li, ou mèt retire li, li **pa** fè pati de gwoup ze ou te mete a.

Swen Ti Poul Yo

Lè ti poul yo kale mete yo ak yon manman anndan yon kalòj pou pwoteje yo kont tout lènmi: lapli, van, rat, chen, chat, mal fini, e latriye. Si gen plizyè manman poul ki kale menm jou, ou ka mete tout ti poul yo ansanm anba yon sèl. Yon manman poul kapab chofe jis 50 ti poul. Ti poul yo mèt rete anndan kalòj la 4 semenn, jis lè yo ka voltije, monte sou pyebwa.

Ti poul yo bezwen yon manman poul pou chofe yo pou 2 semenn. Apre sa ou mèt sevre yo, retounen manman bò kòk la. Lè ou sevre ti poul yo wete manman poul la 3 jou pou li bliye ti poul yo. Si non, li pral kanpe tout jounen deyò kalòj la.

Avèk sistèm sevre ti poul yo, apre 2 semenn manman poul yo pral fè plis pòte nan yon ane. Nòmalmman yon poul pral mache ak piti li yo pandan 3 mwa avan li retounen ponn ankò. Avèk sistèm ti kalòj sa, yo



Yon kalòj pou ti poul. Li gen 36 pous de longè, 24 pous lajè e 18 pous otè. Li ankadre ak ba fè a beton 3/8.



Dèyè kalòj la fèmen ak tòn pou van e lapli pa frape ti poul yo. Gen griyaj ni anba ni a kote pou rat pa antre.

retounen ponn apre sis semèn sèlman. Konsa yo fè plis pòte nan ane a.

Deplase kalòj la chak jou pou ti poul yo ka beke yon lòt moso tè. Yo pral benefisye enpe nan vitamin e minewo yo bezwen nan beke tè a. Ti poul yo pral bezwen dlo ak manje chak jou paske yo nan yon kalòj. Konsa nou bezwen diskite ki jan pou prepare bon manje pou yo.

Nitrisyon Poul

Poul yo paka viv sou yon sèl kalite manje, fòk yo jwenn plizyè bagay diferan pou yo ka grandi e rete an sante. Poul ki lib, ki ap mache chèche manje pou kont yo **preske** ka jwenn tout sa yo bezwen nan 'degaje.' Men yo pral pwodwi plis ze si yo resevwa yon ti vale mayi chak jou. Gen 5 gwoup manje ki itil pou poul yo. Chak kalite manje tonbe nan yonn ou plizyè nan gwoup sa yo. Gen:

- **Dlo** - li nesèsè pou yo viv e pou yo plen ze yo
- **Enèji** – li bay fòs pou yo mache, kouri, ponn ze, e fè yo gra
- **Pwoteyin** – li bati kò-a, plim yo, ede yo resiste kont maladi yo, e plen ze yo
- **Mineral** – Tankou kalsyòm pou fè zo e kal ze yo
- **Vitamin** – li nesèsè pou pwoteje kò-a kont maladi

Dlo

Dlo se yon nouriti ki pi enpòtan pase tout lòt gwoup nouriti. Kò poul yo gen 60% dlo ladan li e ze poul yo gen 65% dlo ladan li. San dlo poul yo paka viv. 10 poul pondèz pral bwè 1 galon dlo pa jou. Ou bezwen konnen kote poul yo ap jwenn dlo. Gen anpil maladi yo ka pran nan bwè yon dlo kontamine ak vye mikwòb. Pou fè bon jesyon poul, bay yo dlo pwòp chak jou. Bay yo dlo pwòp nan yon veso ki pwòp. Pa gen bèt pi malpwòp pase poul, yo konn pou pou anndan veso dlo pa yo. Pou tèt sa-a chèche yon modèl veso dlo yo paka sal fasil. Men kèk model veso dlo.

Jan pou fè yon abrevwa



1
Komanse ak yon ti mamit e yon bòl pastik.



2
Fè yon ti twou $\frac{3}{4}$ pous de bouch mamite la.




3
Coupe bòl la pou fè yon ti asièt yon pous de otè.



4
Plen mamit la ak dlo e mete bòl sou li.



5
Chavire tout bagay. Kenbe bòl la jis li rive atè anndan kalòj la.



6
Pou fè yon abrevwa pou gwo poul sèvi ak yon gwo mamit e yon asièt. Nivo twou a se nivo dlo pral genyen anndan asièt la.

Enèji

Enèji se manje ki bay fòs, ki fè gra, e ki ede poul yo ponn ze. Poul ki manke manje ase enèji vin mèg. Poul ki mache lib pa konn jwenn kont enèji nan sa yo trape. Poutèt sa-a nou bezwen bay yo yon ti vale chak jou pou yo ponn plis. Pou chak 10 poul ou mèt bay yo yon gode mayi pa jou. Si ou pa gen mayi ou mèt bay nan manje sa yo ki gen anpil enèji:


- **Grenn** : mayi, diri, pitimi, ble, oswa grenn palmis
- **Rasinn**: manyòk, patat, yanm
- **Kann**: siwo kann, sik, melas, ji kann ou rapadou
- **Lwil**: lwil kizin, mantèg, bè, lwil swif, e lòt lwil manjab yo.
- **Fwi**: bannann, fig, veritab, labapen, zaboka, mango, korosòl



Pwoteyin

Sa se manje ki bati kò-a, ki fè plim yo pous, epi ki twe enpòtan pou ze yo. San ase pwoteyin, ti poul yo paka grandi byen epi gwo poul yo paka ponn ze. Poul lib yo ki mache chèche manje pou kont yo, konn jwenn kont pwoteyin nan ensèk, vè, e ti grenn yo trape nan raje. Ensèk yo chaje ak pwoteyin. Ti poul anndan kalòj yo plis bezwen pwoteyin nan manje ou bay yo. Gen 3 kalite manje ki gen anpil pwoteyin:


- **Bèt**: Nenpòt bagay ki soti nan bèt tankou pwason, vyann, lèt, ze, e farin san.
- **Pwa ou gous**: Tout kalite pwa ki soti nan gous ki fann an de mòso tankou pwa kongo, pwa nèg, pwa wouj, e pistach. Ou dwe kwit tout pwa yo avan ou bay poul yo paske anpil nan yo gen move pwodwi ou dwe elimine avan.
- **Fèy**: Tout fèy poul yo dispoze manje se bon sous pwoteyin. Ou mèt bay yo bwa patat, fèy doliv, monben, gomye, rami, lesena, e latriye.



Minewo

Minewo yo enpòtan pou fè zo, kal ze, pou kenbe zo yo solid e anpil lòt bagay. Gen plizyè kalite mineral. Gen kalsyòm, fosfò, fè, zen, selenyòm, kwiv, potas, sèl, e latriye. Poul yo ki manke jwenn minewo nan sa yo manje konn mal-devlope, kokobe, e fèb. Poul ki pa jwenn kont kalsyòm ak fosfò pap ka ponn ze. Poul yo ki mache lib konn jwenn kont minewo lè yo beke tè e manje fèy ak ti grenn yo. Poul yo ki anndan kalòj pral bezwen minewo anndan manje ou bay yo. Men kote nou ka jwenn minewo:


- **Kalsyòm:** Zo pile, koki, sab la mè, sab blan (tif)
- **Lòt minewo:** fwi, legim, fèy, san dife



Vitamin

Poul yo bezwen yon ti kantite vitamin anndan manje pa yo. Gen plizyè kalite vitamin. Gen vitamin A, B, C, D, E, K. Lè yo pa jwenn vitamin yo konn maldevlope, kokobe, e malad. Dapre vitamin yo manke, chak gen yon sinptòm tankou emoraji, anemi, aji fou, e latriye. Men manje ki konn pòte anpil vitamin:

Fwi, fey vet, e legim yo. Vitamin D yo jwenn nan solèy. Yon poul ki pa janm soti andeyò pral manke vitamin D.



Bezwen Nitrisyonel Mache Avèk Laj Poul Yo

Lè poul yo ap grandi, yo bezwen anpil enèji, pwoteyin, minewo, e vitamin pou fè vyann kap fòme kò pa yo. Lè yo finn grandi, yo bezwen yon ti vale pwoteyin pou kenbe kò pa yo anfòm. Lè poul yo ap ponn yo pral bezwen plis ankò pou mete anndan ze yo. Poutèt sa-a nou bezwen 3 resèt manje pou poul dapre laj yo.

- **Pou ti poul 0 a 8 semenn:** manje a dwe gen **20%** pwoteyin
- **Poul adilt apre 8 semenn:** manje a dwe gen **9%** pwoteyin
- **Poul kap ponn:** manje a dwe gen **15%** pwoteyin ak anpil kalsyòm e fosfò

Reset sa yo enpòtan lè **poul yo anndan yon kalòj** e yo paka soti deyò. Poul yo ki lib, kap mache toupatou pou chèche manje pou kont yo konn trape kantite pwoteyin yo bezwen men yo konn pa jwenn kantite enèji yo bezwen. Poutèt sa-a nou pral bay resèt pou ti poul yo ak poul pondèz sèlman. Poul lib yo bezwen yon kantite enèji egal a 1 gode mayi (ou pitimi, diri, son de ble, sògo) pou chak 10 poul pa jou.

Twa Resèt Manje

Manje Pou Ti Poul Pi Jèn Pase 8 Semenn

Pou prepare yon sak 18 mamit

- 12 mamit mayi moulen (pi bon fè yon melanj: 6 mayi, 2 son de ble, 2 pitimi, 2 sògo)
- 3 mamit pistach moulen (pi bon melanj: 6 gode pistach, 6 gode pwa nèg, 6 gode pwa kongo)
- 3 mamit farin fèy sech (fè yon melanj: lesena, glisidia, bwadòm, patat, e latriye)
- 1 gode minewo prepare

Manje Pou Poul Pondèz

Pou prepare yon sak 18 mamit

- 14 mamit mayi moulen (pi bon fè yon melanj: 8 mayi, 2 son de ble, 2 pitimi, 2 sògo)
- 2 mamit pistach moulen (pi bon melanj: 4 gode pistach, 4 gode pwa nèg, 4 gode pwa kongo)
- 2 mamit farin fèy sech (fè yon melanj: lesena, glisidia, bwadòm, patat, e latriye)
- 1 gode minewo prepare


Kòman yo prepare minewo?

Pou 4 mamit minewo prepare


- 10 gode koki kraze fen (oubyen sab lamè)
- 8 gode vye zo kraze fen
- 5 gode san dife
- 1 gode sèl kizin

Bay manje nan yon manjwa


Poul yo renmen grate, beke, e fouye lè yap manje. Si ou bay yo manje nan yon veso yo pral gaye e gaspiye anpil. Se pou fè yon kalite manjwa yo paka antre, yo paka chita sou li (e pou pou sou li), e yo paka fouye fasil. Men yon modèl manjwa fasil pou fè ak banbou. Li bon pou 12 ti poul. Si ou gen plis ti poul, fè yon ki pi long.



Si ou pa gen banbou, men yon lòt modèl ou ka fè ak bwa. Li gen 3 pous de laj, 12 pous de longè e 2 ½ pous de otè. Gen yon bagèt de fè lonjè sou li pou ti poul yo pa antre anndan-l. Gen yon tij kloure yon bò pou manman poul la pa ka chavire-l. Manjwa sa-a fabrike ak yon pano yo rele 'selotèks', e kòl pou chapentye.



Men yon model manjwa pou poul pondèz. Fòk manjwa sa-a pann nan nivo do poul yo. Si li regle pi ba yo pral fouye e jete anpil manje ak bèk yo. Manjwa sa-a gen 4 pous de laj, 30 pous de longè, e 3 pous de otè. Tij an bwa ki travèse anlè lib pou vire. Konsa, si yon poul moute sou li, tij la pral tounen e jete poul la.



Kontwòl Maladi Ki Konn Atake Poul Yo

Maladi se yon gwo pèt pou moun ki konn gade poul. Chak ane maladi pran anpil ti poul e li pran kèk nan gwo yo. Gen de fwa poul yo sanble anfòm men yo malad, yo pa ponn ze, yo pa grandi. Gen de fwa poul yo pòte maladi kwonik de fason ke yo transmèt maladi yo genyen a lòt yo.

Kòz Maladi Yo

Gen kat kòz prensipal ki konn fè poul yo malad:

- **Virus** yo, ki koze maladi “tèt vire” (Nikasel), pyan (Fowl Pox), gonbowo, (Gomborro) e latriye. Pa gen remèd kont virus yo lè poul yo deja malad, men nou kapab pwoteje yo avèk vaksen **avan** yo malad pou yo pa pran maladi lè virus yo atake.
- **Mikwòb** yo, ki kòz maladi “dyare blan” (Typhoid), grip, tous, e enfeksyon yo. Nou trete maladi sa yo avèk antibiotik tankou Tetracycline, Chloramphenicol, e Cotrimoxazol lè poul yo deja malad.
- **Parazit** yo. Gen **parazit entèn** tankou vè ki souse san anndan entesten poul yo, e gen **parazit ekstèn** tankou pou, gal, e tik yo. Gen plizyè kalite vèmifij pou konbat parazit entèn yo. Gen enspektisid an poud pou parazit ekstèn yo.
- **Strès** yo. Strès se tout bagay ki fè poul yo soufri, tankou mank dlo, manke de manje, twòp lapli, twòp chalè, twòp fwèt, twòp van, e latriye. Gen **ras poul ki pi sansib** ki pi soufri. Poul Kreyòl se yon **ras lokal ki adapte** ak klima an Ayiti. Poul etranje yo pa adapte an Ayiti, yo konn soufri strès anpil.

Prevansyon Pi Bon Pase Geri

Bon jesyon elvaj poul pral evite anpil maladi. Men kèk pratik jesyon enpòtan ki pral evite poul yo tonbe malad.


- **Pwopte:** Bay poul yo dlo pwòp chak jou nan yon veso pwòp. Pa kenbe poul yo anndan yon kalòj twòp tan san ke ou pa deplase kalòj la. Si se pa sa, yo pral mache sou pou pou pa yo chak jou.
- **Sanitasyon:** Mete tout poul ki malad apa pou yo pa kontaminen lòt yo. Boule ou antere kadav poul ki mouri pou mikwòb ou virus ki te touye li pa atake lòt.
- **Prevansyon:** Bay poul yo vaksen kont maladi ki konn ravaje poul yo nan zòn nan. Bay yo vèmifij chak mwa pou touye vè entèn, simen enspektisid an poud sou nich yo pou touye parazit ekstèn yo.
- **Evite Strès yo:** Konstwi yon kalòj pou pwoteje poul yo kont van, e lapli. Pa janm kite yo soufri swaf ou grangou.

Maladi Prensipal Ki Konn Atake Poul An Ayiti

Gen anpil maladi ki konn touye poul nan lemond. Men anpil nan yo, gras a Die, pa egziste an Ayiti. Nou konn wè sèlman sis maladi nan poul a nou isit.

Virus Yo Konn La Kòz Plizyè Maladi

Maladi ki pi violan se 'tèt vire' ou Nikasel. Lè li pase, preske tout poul nan zòn nan mouri nan yon sèl kou. Poul yo vin fèb, yo paka mache, gen nan yo ki gen grip e lòt ki gen dyare. Pa gen remèd pou maladi sa-a, men gen vaksen ki pa twò chè pou evite-l. Vaksen an fasil pou bay, yo mete l nan dlo pou yo bwè. Nan ane 2000, vaksen Nikasel konn vann 130 Gds pou yon boutèy pou 1000 poul. Vaksinen tout poul yo chak sis mwa.



Maladi 'tèt Vire' ou Nikasel touye anpil poul chak ane. Se pou vaksinen yo kont li.

Yon lòt maladi violan ki konn atake jèn poul se **Gonboro**. Maladi sa vini an Ayiti bò 1998. Li fè ti poul yo mouri avan yo gen de mwa. Maladi sa pa gen yon siy pou rekonèt li, sòf, tout jèn poul yo mouri. Gonboro se yon sòt de SIDA pou poul. Li touye sistèm iminitè poul yo. Yo pa gen globil blan pou defann kò pa yo. Konsa, le Gonboro finn detwi sistèm iminitè, tout maladi ka pase sou poul yo. Yo konn mouri ak grip, ak dyare, ak tous, ak pyan, e lòt bagay. Gen vaksen pou maladi sa-a men li chè anpil. Se pou bay manman poul yo vaksen sa. Konsa lè li ponn ze, rezistans kont maladi gonboro pral pase sou ti poul yo. Si maladi rive nan zòn ou, pa dekouraje. Vaksinen manman poul yo chak ane. Ti poul yo ki chape pral rezistan kont maladi a e pitit pa yo pral rezistan tou. Apre 2 a 3 zan poul ou yo pral rezistan nèt.



Maladi Gonboro konn touye ti poul yo lè yo gen laj sa.

Pyan (Fowl pox) se yon virus ki fè bouton sou po poul yo. Li ka fè poul yo avèg, kagou, mal grandi, e mal pou ponn ze. Poul trape mikwòb sa-a lè yon poul vin an kontak ak lòt ki malad. Zwazo yo konn pòte pyan nan zòn yo. Maladi sa pa twò violan. Li pa touye anpil poul. Gen vaksen kont pyan men li chè e li pa konn pwoteje yo kont tout kalite pyan ki genyen. Pito pa fè anyen sòf kite maladi sa pase sou poul yo. Pou evite lòt pa pran maladi a, mete sa k malad apa nan yon kalòj jis yo refèt. Se parazit ekstèn ki konn pase maladi sa de yonn poul a lòt, alò simen yon enspektisid an poud sou tout poul yo pou parazit yo pa gaye maladi a.



Pyan Poul.


Mikwòb Yo Konn la Kòz Plizyè Maladi

Mikwòb yo konn kòz yon maladi yo rele '**Korayz**.' Li bay poul yo tous, li fè tèt la gonfle, li fè yo mal pou respire. Tretman se pou fè yo bwè antibiotik pou 3 jou. Mete poul ki malad yo nan yon kalòj apa. Pran yon grenn Tetracycline pou chak poul ki malad. Pile grenn yo e fann yo nan yon demi cc dlo. Mezire dlo a ak yon sereng. Vide yon ½ cc nan gòj a chak poul. Bay tretman sa twa jou.

Dyare Blan ou Tifoyid se yon maladi ki atake poul yo nan sechrès, lè yo pi fèb. Se yon mikwòb ki kòz maladi sa-a. Tretman se pou bay yo vèmifij pou touye vè kap souse san anndan entesten pa yo e pou bay yo antibiotik. Pran yon grenn Tetracycline pou chak poul ki malad. Mete nan yon demi gode dlo pou chak poul. Nan deman, fè menm bagay ankò pou 3 jou.

Parazit Yo Konn La Kòz Poul Yo Gen Vè

Poul konn pòte vè nan entesten. Vè souse san e ponn ze anndan entesten yo. Yo anpeche poul yo grandi, diminye pwodiksyon ze, epi fè yo malad fasil. Vè yo miltipliye anpil anndan entesten yo. Yon vè ka ponn 5000 ze pa jou. Ze sa yo pase atè lè yo pou pou. Pita ze yo kale. Lè yon lòt poul mache ou beke kote vè yo kale, yo pran vè yo. Vè se pi gwo pwoblèm an Ayiti paske yo pa bay okenn siy men yo fè poul yo fèb, yo fè yo ponn mwens ze. Jen poul pi sansib paske yo poko gen fòs pou sipòt yon bann vè.



Si ou pa bay remèd kont vè ou met sèten poul ou gen yo tankou poul sa-a.

Tretman pou vè bon mache e senp. Ou kapab achte **Piperazine** nan nenpòt famasi. Yo vann piperazine nan tablèt 500 miligram oubyen nan yon siwo. Tablèt yo koute 1 goud. Dòz la se:

- 50 miligram pou yon ti poul
- 100 miligram pou yon poul moyen
- 200 miligram pou yon gwo poul

Konsa, yon tablèt 500 miligram ase pou 10 ti poul, 5 poul moyen ou 2 gwo poul. Men jan pou bay ti poul remèd pou vè:

- Mete ti poul yo nan yon kalòj.
- Pile e fann yon grenn Piperazine 500 miligram nan 5 cc dlo, sèvi ak yon sereng pou fè mezi dlo a.
- Vide yon **demi cc** dlo ak Piperazine nan bouch a chak ti poul.
- Pou poul moyen, vide yon cc nan bouch a chak poul.
- Pou gwo poul, vide 2 cc nan bouch a chak poul.

Yo vann Piperazine an siwo ak yon fòs de 100 miligram pou chak cc siwo. Pou sèvi ak li, rale yon vale nan yon sereng e bay poul yon menm dòz ak sa ou prepare ak grenn: yon demi cc pou ti poul, yon cc pou moyen, 2 cc pou gwo.



Yon boutèy siwo Piperazine ak yon demi ti kiye siwo. Boutèy a gen kont pou 100 poul moyen, li koute 35 Gds.

Ki Jan Pou Sèvi ak Vaksen pou Poul

Anpil poul pèdi chak ane paske Ayisyen pa vaksinen poul pa yo kont maladi Tèt Vire (Nikasel). Li pa difisil pou vaksinen poul. Pa gen anyen pou anpeche moun nan yon zòn mete tèt ansanm e achte vaksen pou tout poul nan zòn nan chak sis mwa. Men jan pou achte e sèvi ak vaksen pou poul.

Kalkile pri yon pwogram vaksinasyon pral koute

- Konte kantite poul zòn nan genyen
- Kalkile konbyen lap koute pou fè yon vaksinasyon. Pa egzamp:
 - 300 Gds tike voyaj ale retou Pòtoprens pou achte vaksen an (plis manje pou moun nan)
 - 30 Gds taxi pou rive nan magazen kap vann vaksen an
 - 5 Gds achte glas pou kenbe vaksen an fwèt
 - 130 Gds pou yon boutèy vaksen pou 1000 poul
 - 30 Gds pou yon ka dlo batri (yon bon pou 2000 poul)
 - 50 Gds pou 5 sereng
 - 5 Gds lèt
 - 550 Gds total pou voye achte vaksen
- Kalkile konbyen li pral koute pou vaksinen chak poul. Pa egzamp si gen 890 poul nan zòn nan:
 - $550 \text{ Gds} / 890 \text{ poul} = 0.62 \text{ Gds pa tèt poul}$
- Mande si tout moun dispose peye lajan sa-a pou sove lavi poul pa yo
- Si tout moun dakò, sanble lajan a, al achte vaksen

Le ou pare pou achte:

- Lè ou ale pou achte vaksen mache ak yon **tèmòs**. Kenbe vaksen an anndan yon tèmòs ak glas jis lè ou pare pou sèvi avè-l.
- Konnen non maladi pouki ou ap chèche vaksen an. Ou pa bezwen konnen non siantifik, moun nan magazen ki pral van ou vaksen an pral konnen Tèt Vire vle di 'Nikasel'. Yo vann vaksen sa a Pòtoprens nan Dabouco, Okap mande pou Mèt Jacques Saintilus nan radio 4VEH. Si ou gen yon moun ki pale Espanyol, yo vann vaksen a Dajabon en Dominiken nan boutik veterinè La Vaca e Agroveterinaria Rodriguez. Souvan yo pa gen vaksen nan men, alò yo ka kòmande-l pou ou an 2 a 3 jou.
- Konnen kantite vaksen ou bezwen. Gen boutèy vaksen pou 500 poul, 1000 poul, 2500 poul, e 5000 poul. Si ou pral vaksinen 2000 poul, yon boutèy pou 2500 pral pi bon mache pase 2 boutèy pou 1000. Boutèy 1000 poul pi popilè, li pa fasil pou jwenn boutèy pou mwens poul.
- Achte 5 ti sereng 3 cc pou chak 1000 poul ou pral vaksinen (tout kalite sereng ka sèvi).
- Achte 1 ka (boutèy) dlo batri pou chak 2000 poul ou pral vaksinen (Atansyon, se pa ASID batri). Objektif se pou gen yon demi lit (litre) pou chak 1000 poul paske 1 lit = 1000 cc e dòz la se ½ cc pa poul. Yon ka se preske yon lit.



Sa w-ap bezwen pou prepare vaksen Nikasel. Ti boutèy a se li ki gen vaksen anndan-l.

Jou ou pral sèvi ak vaksen an:

- Fè tout moun kenbe poul pa yo. Li pi fasil pou fè sa gran maten lè poul yo ap dòmi anlè.

- Chwazi yon moun pou bay vaksen nan chak katye. Fòk moun nan kapab pase sou tout katye a nan 3 zèd tan ou mwens. Si katye gen anpil poul, divize-l an 2, bay yon lòt moun lòt pati-a. Chak moun pral mache ak yon sereng e yon boutèy vaksen. Prepare yon boutèy pwòp pou chak moun.
- Bay tout moun ki pral bay vaksen yo randevou nan gran maten pou yo vin pran vaksen an.



Yon sereng regle a 1/2 cc.

Jan pou prepare vaksen Nikasel

- Chèche yon veso ki kapab genyen kantite vaksen ou pral prepare, (1/2 ka pou chak 1000 poul). Fòk li byen pwòp.
- Vide yon 1/2 ka dlo batri anndan veso a pou chak 1000 poul ou pral vaksinen.
- Mele 3 kiye lèt ak chak 1/2 ka dlo ou pral sèvi. Pito lèt la pa gen anpil grès anndan-l.
- Ouvri ti boutèy vaksen an, mete yon ti dlo batri anndan-l.
- Bouche ti boutèy la e sekwe li pou fann tout poud ki anndan-l.
- Vide boutèy vaksen an anndan veso a.
- Fè bon melanj vaksen ak dlo ak lèt la.
- Vaksen an bon pou 4 èd tan, men pandan chak e lap vin pi fèb

Jan pou distribye vaksen an nan zòn nan

- Bay chak moun kap distribye vaksen an nan katye a yon kantite vaksen dapre kantite poul li pral vaksinen.
- Yo dwe vide 1/2 cc anndan gòj chak poul, kit yo gwo kit yo piti.
- Se pou yo fin ak tout vaksen yo bezwen avan 4 èd tan gen tan pase.
- Moun ki pokò te peye dwe bay lajan pou chak poul ki resevwa vaksen.



Jen pou bay vaksen an.

Gen lòt fason ou ka sèvi ak vaksen

- Si tout poul yo anndan yon kay, ou ka mete-l nan dlo pou yo bwè, estime 2 1/2 galon dlo (ak yon ti lèt) pou 1000 poul
- Ou ka mete yon gout vaksen nan yon je, lè sa-a ou bezwen achte yon boutèy dlo spesyal ak yon kont-gout. Se pou mande de bagay sa yo lè ou achte vaksen an. Mil gout egal a 28 cc.
- Vaksen pou pyan mande yon piki nan zèl. Yo vann piki yo ak yon dlo spesyal ansanm ak vaksen an. Pou bay vaksen an, mouye pwent piki yo nan dlo vaksen an e pèse pò zèl la.

Eske Nou Dwe Kenbe Poul Yo Nan Yon Kay Ou Lib Nan Lakou?

Kenbe poul nan yon kay mande anpil depans. Ou bezwen achte manje pou yo chak jou. Si manje manke pwoteyin, yo pap ponn ze menm. Preske tout benefis lè ou vann poul yo pral ale pou achte manje. Lè poul fèmen anndan yon kay yo konn malad souvan paske yo mache sou pou pou pa yo, e yo konsantre yon sèl kote. Moun ki gade poul anndan yon kay **pap fè lajan**.

Poul ki lib chèche manje pou kont yo, si genyen. Poul lib manje anpil ti bèt, fèy, flè, e grenn yo trape nan raje. Konsa, gade poul lib se preske benefis nèt. Pwoblèm ki gen nan gade poul lib yo pa konn grandi vit ou ponn anpil. Si ou ajoute enèji sou manje yo trape nan raje a, yo pap gen pwoblèm grandi dousman e yo pap manke ponn. Poul ki lib konn trape parazit entèn (vè) e parazit ekstèn nan raje a. Pwoblèm sa ou ka rezoud si ou bay yo Piperazine chak mwa e bay yo yon bwat ki gen sann difè ak ensektisid anndan-l pou

yo benyen. Poul lib konn fè dega nan jaden yo. Si poul yo pa twòp grangou e si jaden yo bare ak rakèt, poul yo pap bay twòp pwoblèm. Si gen yonn ou de poul kap toujou antre nan jaden yo, ou ka koupe plim **yon zèl pou yo paka voltije antre anndan jaden moun.**

Men fòk ti poul yo PA lib nan lakou. Lage yon manman ak 10 ti poul dèyè-l lib nan lakou se **kòve**. Preske tout ti poul yo pral mouri. Li pa koute twòp pou **gade ti poul yo anndan yon kalòj** paske yo pa manje anpil. Kalòj la pwoteje yo kont tout lènmi e ede ou jere sante e nitrisyon pa yo. Pi gwo pèt nan pwodiksyon poul an Ayiti se lè rat, chen, chat, mal fini, koulèv, machin, e mangous touye ti poul yo. Manman poul yo kòmanse ak 12 ti poul dèyè yo e yo sevre yonn twa mwa pita.

Amelyore Ras Poul ou Genyen

Premye aspè nan jerans yon pwodiksyon poul se nan seleksyon kòk la ki pral kouvri poul yo. Poul Kreyòl an Ayiti bon manman, bon kouvèz, e byen adapte ak klima an Ayiti. Men poul Kreyòl piti, yo grandi dousman, e yo pa ponn anpil ze. Pou amelyore poul ou genyen, fè poul bata kwaze avèk poul etranje. Si ou vle poul ki ponn plis, achte yon kòk de yon ras pondèz tankou sa yo rele “Leghorn.” Si se vyann poul ou vle, chèch yon kòk de ras gwo poul tankou sa yo rele “Rhode Island.”

Kòk la reprezante mwaye tout pwodiksyon ti poul ou pral genyen. Se kòk la ki pral papa tout ti poul yo. Si kòk la se yon ti bagay fèb, tout ti poul yo pral piti e fèb menm jan. Poutèt sa-a, chèche yon gwo, bèl kòk pou mache ak poul yo **e retire tout lòt yo**. Yon kòk kapab kouvri 10 a 15 poul. Si ou gen plis ke 15 poul, yo twòp pou yon sèl kòk, chèche yon lòt kòk kalite. Yo pral separe poul yo ant yo de.



Yon kòk etranje ak yon poul Kreyòl.

Gade kòk etranje de zan sèlman, paske li pral pèdi chalè. Fè **seleksyon** chak jenerasyon pou fè twoupo poul la vin pi gwo, pi fò, e pi bon pondèz. Gade sèlman 2 a 3 pi gwo, pi bèl kòk nan tout ki te sevre chak sezon. Retire rès yo avan yo rive an chalè pou yo pa kwaze ak poul yo. **Pa janm kite nenpòt kòk kouvri poul yo**. Gade pi fò nan poul yo chak sezon. Vann ou manje tout poul gran moun (3 zan ou plis), ak poul yo ki pi fèb, pi piti, e pi lèd.

Poul etranje yo pa konn kouve. Konsa, ou pral gen yon bon vale poul ki pa kouve nan pitit kòk etranje a fè. Lè yon poul bata kouve e kale yon douzen ze, make poul la ak yon moso twal sou pye. Lè sezon fini, gade tout poul ki bon kouvèz, vann mwaye nan poul yo ki pa kouve. Si ou kontinye fè seleksyon konsa chak jenerasyon, an de a twa zan ou pral gen yon twoupo poul ki gwo, ki grandi vi, ki adapte ak klima Ayiti, ki bon kouvèz e bon manman.

Ki Jan Pou Fè Yon Bon Pwodiksyon Poul An Ayiti

An somè men tout sa ou bezwen fè pou amelyore pwodiksyon poul ou yo.

Jere Repwodiksyon Poul Yo

- Chèche yon bèl gwo kòk pou chak 10 a 15 poul ou genyen
- Bay poul yo yon gode enèji (mayi ou lòt grenn) pou chak 10 poul chak jou
- Konstwi yon ti kay, solid e byen pwoteje kont rat, chen, chat, koulèv ki gen nich pou yo ponn ze e pou yo kouve san sousi
- Retire ze yo de ou twa fwa pa jou, gade yo yon kote nan frechè
- Bay poul kap kouve yo tout swen pou yo reysi, pwopte nich la, bay dlo ak manje, simen ensektisid sou yo.
- Konstwi yon kalòj pou ti poul yo pou pwoteje yo nèt kont tout lènmi
- Prepare manje konplè pou ti poul yo. Manje a dwe gen tout sa yo bezwen ladan li.
- Sevre ti poul yo lè yo gen 14 jou pou manman ka retounen ponn.
- Bay tout poul yo Piperazine chak mwa kont vè entestinal

Jere Sante Poul Yo

- Elimine tout sous de strès poul yo: grangou, swaf, fwèt, chalè, lapli, rat, chen, chat
- Vaksinen yo chak sis mwa kont maladi Nikasel
- Bay yo Piperazine chak mwa kont parazit entèn
- Prepare yon bwat ak sann difè ak ensektisid pou touye parazit ekstèn
- Bay poul yo antibiotik lè yo malad

Jere Kalite Ras Poul Yo

- Chèche yonn ou de gwo kòk pou mache ak poul yo e retire tout lòt
- Chak ane ranplase kòk yo ak pi gwo e pi bèl kòk ki te fèt nan twoupo a
- Chak ane retire tout poul ki gran moun, ki fèb, ki pa ponn, ki pa kouve, ki piti

Tout bagay se jerans. Pi fò Ayisyen yo lage poul yo konsa konsa. Yo pa fè okenn jerans pou ede poul yo pwodwi plis. Kounyèa ou konnen kisa pou fè. Jerans mande konesans ak aksyon ak disiplin. Kounyèa ou gen konesans. Men si ou **pa** pase-l an aksyon, konesans sa pap fè anyen. Si ou kòmanse swiv konsèy anndan-liv sa-a men ou pa **swiv** yo avèk **anpil swen**, aksyon sa yo pap fè ou anyen. Men moun ki aprann tout sa ki anndan-liv sa, e ki mete tout konsèy yo an aplikasyon avèk anpil swen san fatig, san rete sou wout, se li ki pral gen siksè. Se li ki pral fè anpil lajan ak poul yo.

Agwonòm Wayne Niles
Convention Baptist d'Haiti

Avèk asistans: Ewaldy Estil de Heifer International (Haiti), e Guerline Antenor

Apendis

Ki Jan Pou Konstwi Yon Ti Kalòj Pou Ti Poul

Objektiv kalòj pou ti poul la se pou pwoteje yo kont lènmi yo. Si lènmi yo anpil e violan nan zòn nan, fè kalòj la ak materyèl ki pi solid. Si lènmi yo pa twò violan, konstwi li ak materyèl lokal men, pa kite ti poul yo pase lanwit anndan-l. Pito ranmase yo, mete yo anndan yon panye anndan lakay.

Kalòj Konstwi Ak Materyèl Lokal


Achte yon liv klou 1 ½ pous, yon liv fil a ligati, 2 sak, kèk bout banbou, e kèk gòl.



Pran 2 sak plastik de kalite ki pa ka deplime tankou sa ki devan-an.



Prepare 8 gòl yon men pi kout pase lajè sak la



Prepare 4 gòl yon men pi kout pase longè sak la.



Kloure ou mare gòl yo pou fòme yon kès ki mezire menm longè e laje ak sak la.



Fan banbou an e fèmèn tout bò yo ak banbou sòf twati a.



Fèmèn twa bò ak yon sak, fè yon twati ak lòt. Kloure yo.




Kite yon pati nan twati-a lib pou fè yon pòt an lè-a, kloure yon bwa sou pwent sak la pou fèmèn-l.



Mete yon manjwa ak yon abrevwa e manman poul la pral kontan nèt.


Kalòj Konstwi Ak Materyèl Pi Chè E Pi Dirab

1



Achte yon liv fil a ligati, 2 bar fè 3/8, yon fey tòn, 2 lòn twil ou poulaye.

2



Koupe e benn yon mòso fè pou fòm 2 rektang 24 x 36 pous. Fòm 2 lòt rektang 18 x 24 pous.

3



Ak fil a ligati, mare bar fè yo pou fòm yon kès 24 x 36 x 18 pous

3



Koupe 2 mòso 18 pous tout lajè fey tòn la. Fè kèk twou so lizyè tòn la pou fil a ligati pase.

4



Mare 2 mòso tòn 18 pous yo sou kès ak fil a ligati pou fè yon mi pou bare lapli.

5



Fèmen rès kès la ak twil la.

6



Ak rès tòn la, fè yon twati pou kouvri kalòj la. Ranfòse-l ak kèk moso banbou ou planch. Fikse yon pwent pòt la sou kalòj la, li dwe ouvri tankou yon pòt.

7



Men kalòj la. Lap pwoteje ti poul yo kont tout bagay: rat, mangous, malfini, lapli, van, chen, chat, e koulèv.

Ki Jan Pou Konstwi Yo Ti Kay Pou Poul Dòmi E Ponn

Achte 2 liv klou 3 pous, 1 fèy tòn, 2 liv klou 1 pous, yon liv fil a ligati, kèk gwo banbou, e 3 sak



Prepare 4 gòl 5 pye de longè (Otè yon moun).



Prepare 9 gòl menm longè ak yon tòn e 4 gòl ki menm longè ak *lajè* tòn la.



Fòme yon kalòj ak gòl yo. Ranfòse pye yo ak gòl diagonal yo.



Fòme yon planche ak plizye gòl e mete yon gòl pou poul yo kanpe devan nich la.



Fòme kèk chanm pou plizye poul ka kouve an menm tan.



Kloure sak yo sou 3 bò kalòj la.




Mete tòn la. Bouche nich yo ak yon katon pou fè poul yo santi yo ap ponn yon kote ki kache.



Mete yon nich, yon abrevwa pou dlo, e manman poul la pral kontan nèt!

Sa Ki Anndan Liv Sa-a

Amelyore Pwodiksyon Poul An Ayiti	1
Pwodiksyon Se Jerans	1
Jan Bondye Fè Poul Yo	1
Aparèy Dijesyon	2
Aparèy pipi	2
Aparèy Repwodiksyon	3
Jerans Pou Kale Plis Pitit.....	5
Swen Ti Poul Yo	7
Nitrisyon Poul.....	7
Dlo	8
Jan pou fè yon abrevwa.....	8
Enèji	9
Pwoteyin	9
Minewo	10
Vitamin	10
Bezwen Nitrisyonel Mache Avèk Laj Poul Yo.....	11
Twa Resèt Manje.....	11
Kontwòl Maladi Ki Konn Atake Poul Yo	13
Kòz Maladi Yo	13
Prevansyon Pi Bon Pase Geri	13
Maladi Prensipal Ki Konn Atake Poul An Ayiti.....	14
Ki Jan Pou Sèvi ak Vaksen pou Poul.....	16
Eske Nou Dwe Kenbe Poul Yo Nan Yon Kay Ou Lib Nan Lakou?	17
Amelyore Ras Poul ou Genyen.....	18
Ki Jan Pou Fè Yon Bon Pwodiksyon Poul An Ayiti.....	19
Jere Repwodiksyon Poul Yo	19
Jere Sante Poul Yo	19
Jere Kalite Ras Poul Yo	19
Apendis	20
Ki Jan Pou Konstwi Yon Ti Kalòj Pou Ti Poul	20



Amelyore Pwodiksyon Poul An Ayiti

Centre Agricole

Convention Baptist d'Haiti